


Esterilè ki gen òmòn (aparèy anndan matris)

Esterilè, Mirena, Liletta, Kyleena, Skyla



Kijan esterilè ki gen òmòn nan fonksyone ?



- Esterilè ki gen òmòn nan itilize **òmòn pwojestin nan** ki fè mikis nan kòl matris la vin pwès (sa ki anpeche espèm deplase antre nan matris la), ki fè kouch anndan matris la vin mens, epi pafwa li anpeche ovilasyon fêt.
- Gen **4 diferan esterilè ki gen òmòn**. Diferans yo se nan kantite òmòn levonjestrèl ki gen nan chak, ak konbyen tan yo dire. **Mirena** ak **Liletta** (52 mg) lan dire 8 tan, **Kyleena** (19.5 mg) la dire 5 kan, e **Skyla** (13.5 mg) lan dire 3 zan.
- Esterilè ki gen òmòn nan mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòm, pou afime idantite sèks yo.**

Kijan w itilize esterilè ki gen òmòn nan ?

replase I chak
3 - 8 tan

Ou dwe **al wè yon pwofesyonèl lasante** pou w kòmanse ak sispann itilize esterilè ki gen òmòn nan.

Yon fwa yo mete esterilè ki gen òmòn nan, nan matris ou, pa gen anyen ou dwe fè pou w pa assent, jiskaske lè a rive pou ranplanse li.

- Pou mete I :** Se yon pwosedi pwofesyonèl lasante a fè, pou mete **esterilè la anndan matris ou**. L ap netwaye kòl matris ak bouboun ou, epi mete esterilè a anndan matris ou. Se yon kramp pifò moun santi, lè y ap fè pwosedia. Pwofesyonèl lasante w ka ba ou anestesi, nan kòl matris la, pou diminye malèz la. Lè I fini, I ap taye fil esterilè a. Gen kèk moun ki gen kramp, oswa bay ti san, apre pwosedia ; lè w pran yon dòz medikaman pou doulè, avan yo mete esterilè a, li ka ede w ak kramp apre pwosedia. Yon fwa yo mete esterilè la, ou pa ka santi li anndan ou.
- Pou retire I :** Menm lè esterilè ki gen òmòn nan ka rete pou 3 a 8 tan, **ou ka fè retire I nepòt lè ou vle, pou kèlkeswa rezon an**. Pou retire esterilè a, pwofesyonèl lasante w la ap rale fil yo, epi fè esterilè a ap soti nan matris la atravè kòl matris ou, ansuit l al nan bouboun ou, pou yo retire l. Sa ka lakoz kramp, men nòmalman gen mwens malèz pase lè y ap mete I la. Si ou vle, nan menm lè a, ou ka fè yo mete yon lòt esterilè pou ou.



Entimite ak kontwòl

- Ou bezwen yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse ak sispann itilize esterilè ki gen òmòn nan. Li ta ka posib pou w retire esterilè la a, poukont ou ; si ou rive touche fil yo, ou ka rale yo, menm jan pwofesyonèl lasante w t ap fè.
- Patnè w la ka santi fil esterilè yo avèk dwèt li, oswa pijon li, lè n ap fè sèks. Si sa rive, e si li jenan, pwofesyonèl lasante w la ka taye fil la, pou fè l vin pi kout.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap itilize metòd sa a.
- Si gen nepòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman nan lè w gen règ ou.

Lè w kòmanse itilize esterilè ki gen òmòn nan, èske I ap fè efè imedyatman ?

Mirena/Liletta: Wi, I ap fè efè imedyatman.



Kyleena/Skyla: Lè w kòmanse l, nan espas 7 jou apati premye jou règ ou an, I ap fè efè imedyatman. Si w ap bay san, e ou pa sèten si se règ ou genyen, ou ka itilize yon metòd bakòp pandan yon semèn.



Kyleena/Skyla: Lè w kòmanse nepòt lòt lè a, I ap pran 1 semèn, pou l fè efè. Nan semèn sa a, itilize yon lòt metòd planin adisyonèl.



Esterilè a gen dwa pa apwopriye pou moun ki gen, oswa ki te gen

- Yo gen defòmasyon nan matris
- Yo gen kansè nan tete, nan matris, nan kouch ki kouvrí anndan matris la, oswa nan kòl matris la.
- Lipis ak antikò pozitif, oswa antikò moun pa ko konnen
- Yo gen maladi ki transmèt nan fè sèks, oswa pwoblèm enflamasyon anbativant nan moman an.

Lis sa a pa konplè ; kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sitiayson sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

- Esterilè w la soti, men sa ki rive raman.** Li pa danjere. Ou gen dwa pa santi li, oswa li enkonfòtab. Si esterilè w soti, yo ka ba ou yon lòt.
- Esterilè Mirena ak Liletta yo se yon fòm planin an ijans yo ye** si yo mete yo jiska 5 jou (120 tèdtan) apre ou fin fè sèks. Kèlkeswa pwa w genyen an, li 99% efikas. Ou ka kite li, nan matris la, kòm planin, oswa retire l, wwochen fwa ou gen règ ou.

Èske esterilè ki gen òmòn nan bon anpil pou anpeche gwo sès ?

- **Mwens pase 1 nan 100 (ki vle di : 0,2) moun ki itilize esterilè ki gen òmòn nan ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **99,8%** efikas.
- Piske pa gen anyen pou w fè, pou w pa ansent, yon fwa yo mete esterilè a pou ou, pa gen erè moun k ap itilize esterilè a ka fè, ki ka fè yon diferans ant itilizasyon nòmal e itilizasyon pafé.
- Esterilè a ka soti (soti deyò pou kont li), sa ki rann li pa efikas. Sa rive raman, men ou pa gen kontwòl sou sa. Si w itilize yon kapichon pou règ (an anglè ; menstrual cup), li ka ogmante risk pou esterilè a soti.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Ka afekte.

- Esterilè ki gen òmòn nan ka lakoz ou bay ti san, pandan plizyè jou, nan entèval règ ou.
- Esterilè ki gen òmòn nan ka lakòz règ ou vin on tikras.
- Esterilè ki gen òmòn nan ka lakoz ou sispann gen règ ou. Sa rive apeprè kay 20% nan moun ki itilize **Mirena** yo, apeprè 19% nan moun ki itilize **Liletta** yo, apeprè 12% nan moun ki itilize **Kyleena** yo, e apeprè 6% nan moun ki itilize **Skyla** yo. Li kòrek pou w pa gen règ ou, akoz esterilè ki gen òmòn nan.

Doulè lè w gen règ : Li ka diminye

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Ka vin pi mal.

Ou vin ka fè pitit ankò : Lè w sispann itilize esterilè ki gen òmòn nan, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Maltèt
- Doulè nan tete, oswa doulè anbativant
- Likid ap soti nan bouboun nan
- Kis nan ovè
- Pèdi cheve (**Mirena** ak **Liletta**)
- Redui ekip sentòm pil kis nan ovè a (sig anglè a: PCOS), oswa tisi anndan matris la ki soti deyò l (endometriyoz) lakòz.
- Diminye sentom doulè règ yo

Esterilè ki gen òmòn nan ede diminye risk pou w fè : kansè nan kouch ki kouvri anndan matris la



Itilizasyon apre akouchman

Ou ka itilize esterilè a, san danje, tousuit aprè akouchman. Yo ka mete l, tousuit apre akouchman (natirèl ak sezaryèn), oswa avan w kite lopital la. Lè yo mete l tousuit apre akouchman an, li ka bay mwens doulè pase lè se nan klinik la yo mete l. Gen plis risk pou l soti nan matris la, lè se nan lopital la yo mete l, men yo ka remete ankò nan klinik. Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe a.

+ Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Doulè nan fè sèks
- Kramp grav
- Ekoulman ki pa nòmal.
- Esterilè a soti deyò, oswa ou santi l
- Fil esterilè yo vin pi long
- Migrèn grav
- Si ou eseye touche fil yo, epi ou pa kapab
- Enfeksyon anbativant
- Je w vin jòn, oswa po w vin jòn (lajonis)
- Doulè nan vant, oswa doulè anbativant

? Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Èske patnè m nan ap santi fil yo, lè n ap fè sèks ?
- E si ou vle sispann itilize esterilè ki gen òmòn nan, avan 3 a 8 tan pase ?
- Kijan m ap fè konnen si esterilè a soti ?
- Èske m ka itilize kapichon pou règ la ?
- Èske medikaman ka fè doulè a diminiye, lè y ap mete l ?
- Èske m ka retire esterilè a poukout mwen ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

